



ANPLWAYÈ PO PA KA FÈ REPREZAY SOU OU SI W POTE PLENT PASKE YO VYOLE LWA TRAVAY LA

SEKSYON 215 NAN LWA TRAVAY ETA NOUYÒK

Li ilegal pou yon anplwayè, oswa nenpòt moun k ap aji nan non anplwayè a pou l' revoke, pini, oswa kèlkeswa fason an fè diskriminasyon oswa fè reprezay sou yon anplwaye poutèt li:

- Pote yon plent paske ta sanble gen yon vyolasyon lwa travay Depatman Travay la oswa dwa nenpòt moun
- Bay Depatman Travay la yon enfòmasyon
- Antame yon demach legal daprè Lwa Travay la
- Bay yon temwayaj nan yon envestigasyon oswa yon lòt demach legal daprè Lwa Travay
- Pran dwa Lwa Travay la ba li
- Lakòz anplwayè a resevwa yon refi nan men Depatman Travay

Si yon anplwayè vyole lwa sa a, Depatman travay Eta Nouyòk la ka:

- Ba l' yon penalite ant \$1,000 ak \$10,000 (premye enfraçyon) oswa jiska \$20,000 (dezyèm enfraçyon)
- Dedomaje anplwaye a
- Peye pou pèt yo
- Tout lòt reparasyon ki apwopriye

Anplwaye a ka al lajistis tou Anplwaye a gen dezan kòmanse nan dat li kòmanse ap pran presyon yo pou l' antame demach legal yo.

KISA REPREZAY YE?

Reprezay se lè yo pini yon anplwaye paske l' plenyen lè yo vyole lwa travay la, lè l' bay Depatman Travay enfòmasyon, oswa patisipe nan demach legal nan Depatman Travay.

Li ka vin sou plizyè fòm. Nan kèk sikontans, bagay sa yo ka konsidere kòm preprezay:

- Revokasyon
- Diminye nan lè travay yo
- Chanje orè a pou yo bay lè moun nan pi pa ta renmen travay

- Voye moun nan travay kote l' plis pa ta renmen travay
- Diminye nan kantite kòb moun nan ap touche
- Disiplin
- Siveye moun nan plis ke jan sa te konn ye anvan an
- Diminye sou grad moun nan oswa transfere l' yon lòt kote
- Retire privalèj li te genyen yo nan men l'
- Ba l' travay ki pi difisil pou l' fè
- Mande l' bay plis rezulta ke sa l' te konn abitye bay
- Menas pou yo fè sa nou sot site pi wo yo, ak/oswa menas pou rele anplwaye a lajistis oswa nan yon tribinal penal, oswa otorite ki la pou depòte moun

Lis sa pa bay tout sa yo ka fè yo. Si ou gen kesyon, ou ka kontakte biwo Divizyon Travay la.

KISA OU KA FÈ?

Ou gen dwa pou:

- Chèche konnen sa Lwa Travay la mande
- Pote plent epi si w panse gen yon Lwa Travay anplwayè a vyole, mande l' regle sa.
- Depoze yon plent nan Depatman Travay
- Reklame tout kòb yo dwe w atravaè Depatman Travay la oswa pa mwayen yon demach legal
- Bay Depatman Travay la enfòmasyon
- Reponn ak onétete lè yon moun k ap fè envestigasyon nan Depatman Travay la poze w kesyon
- Bay temwayaj nan demach legal daprè Lwa Travay la
- Pa sibi reprezay (resevwa pinisyon) paske ou reklame dwa Depatman Travay ba ou

Tout anplwaye gen dwa sa yo, kèlkeswa nasyonalite yo oswa estati immigrasyon yo.

KONTAKTE DEPATMAN TRAVAY ETA NOUYÒK, DIVIZYON NÒM TRAVAY:

Telefòn: 1-888-52-LABOR

Imel: LSAsk@labor.ny.gov